



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO ANONSE ETABLISMAN LOPITAL TANPORÈ
NAN SANT KONVANSYON JAVITS LAN PRAL TRETE PASYAN COVID-19 YO**

"Kòm nou tout konnen ka kowonaviris kwasan yo ap menase kapasite sistèm lopital nou an. Sant Javits Center (Javits Center) ke Eta a posede a, te transfòme nan yon etablisman medikal ijans ki gen 2,500 kabann ke Lane Amerikèn (US Army) ap jere. Plan orijinal pou Javits la se te ke yo te itilize li pou mete pasyan ki pa gen COVID soti nan lopital yo pou ouvri kabann lopital. Sepandan, kantite pasyan pozitif COVID yo te ogmante sitèlman dramatikman ke li tap benefik pou Eta a si Javits ta kapab asepte pasyan pozitif COVID yo.

Mwen te mande Prezidan Trump maten an pou konsidere demann ak ijans kesyon an, epi Prezidan an te jis enfòme mwen ke li te reponn ak demann New York la. Mwen remèsye Prezidan an pou koperasyon li nan kesyon presan sa a epi paske li te pran desizyon an rapid".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)